



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

Sinau Matematika kanthi Petungan Jawa

Belajar Matematika dengan Petungan Jawa



Penulis : Ririn Aprianita
Ilustrator : Banuarli Ambardi





KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

Sinau Matematika kanthi Petungan Jawa

Belajar Matematika dengan Petungan Jawa

Penulis : Ririn Aprianita
Ilustrator : Banuarli Ambardi
Penyunting : Joko Sugiarto

Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

Sinau Matematika kanthi Petungan Jawa
(Belajar Matematika dengan Petungan Jawa)

Penulis : Ririn Aprianita
Ilustrator : Banuarli Ambardi
Penerjemah : Ririn Aprianita
Penyunting : Joko Sugiarto
Penata Letak:

Penerbit
Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023
ISBN 978-623-112-585-9 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic
ii, 24 hlm., 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi

Jemuwah jam 1 awan, Bayu mulih sekolah numpak sepedha bareng Pandu lan Yudi. Anggone nyepedha kanthi tertib ana ing dalan sisih kiwa.

Sawise limang menit, bocah telu iku wus tekan protelon cedhak gerdu rondha. Ana ing protelon iku Pandu menggok nengen, dene Bayu lan Yudi terus lempeng.

“Bayu, Yudi, sesuk jam 9 daktunggu neng ngomahku ya. Mumpung prei, ayo sesuk mancing neng telaga,” ujure Pandu sakdurunge menggok tumuju omahe. “Ya, sesuk dakmatur bapak ibuku dhisik,” Yudi semaur karo nglakokake sepedhane alon-alon. Dene Bayu semaur, “Wah, diapura ya Ndu, Yud, sesuk aku arep sowan neng daleme simbah.”

“Wo, ya uwis, Yu, ora papa,” saute Pandu lan Yudi.

Jumat pukul satu siang, Bayu pulang sekolah naik sepeda bersama Pandu dan Yudi. Mereka bersepeda dengan tertib di sebelah kiri jalan.

Lima menit kemudian, mereka sampai di pertigaan dekat gardu ronda. Di sana nantinya Pandu akan belok kanan, sedangkan Bayu dan Yudi mengambil jalur lurus.

“Bayu, Yudi, besok pagi pukul 9 ke rumahku, ya. Mumpung libur, kita mancing di telaga yuk,” kata Pandu sebelum berbelok menuju rumahnya. “Iya, besok aku bilang dulu ke orang tuaku,” jawab Yudi sembari menjalankan sepedanya pelan. Sementara itu, Bayu menjawab, “Wah, maaf ya Ndu, Yud, besok aku mau berkunjung ke rumah nenekku.”

“Oh, ya sudah tidak apa-apa,” jawab Pandu dan Yudi bersamaan.

Tekan ngomah, Bayu jagragake sepedhane. Ibu njedhul saka mburi sinambi nggendhong Bagus, adhine Bayu. Bayu salim lan ngaras astane ibune.

“Gage wisuh ya, Le. Ganti klambi, terus maem. Mengko banjur ngewangi Ibu nyepakake barang sing arep digawa neng daleme Simbah. Bapak sedhela meneh kondur saka kantor,” ngendikane Ibu.

“Nggih, Bu,” Bayu manut dhawuhe Ibu. “Menapa mawon ta Bu ingkang badhe diasta teng daleme simbah?” pitakone Bayu nalika jupuk sega ning piring.

“Ya warna-werna, ana beras, gula, lenga, lan barang-barang nggo nyukupi kebutuhan slametane simbah kakung,” Ibu mratelakake.

Sesampainya di rumah, Bayu memarkir sepedanya. Ibu muncul dari arah belakang dengan menggendong Bagus, adik Bayu. Bayu mencium tangan ibunya.

“Segera cuci tangan ya, Nak. Ganti baju, lalu makan. Setelah itu, tolong bantu ibu menyiapkan barang-barang yang akan kita bawa ke rumah nenek. Sebentar lagi Bapak pulang dari kantor,” kata Ibu.

“Baik Bu,” Bayu mematuhi perintah Ibu. “Apa saja sih, Bu, yang mau dibawa ke rumah nenek?” tanya Bayu ketika mengambil nasi di piring.

“Banyak Nak. Ada beras, gula, minyak, dan yang lainnya untuk kebutuhan selamatan kakek,” ibu menjelaskan.



Udakara jam 2, Bapak kondur saka kantor. Ibu nyaosi unjukan arupa teh anget, “Mangga Pak, dipununjuk riyin.”

Bapak ngunjuk sinambi mangku Bagus. Bapak banjur takon, “Barang-barang sing arep digawa apa wis cepak kabeh, Bu?”

“Sampun, Pak, wau dibantu Bayu,” ature Ibu, “Bapak ngaso rumiyin kemawon, supados mangke mboten kesayahen wonten mergi.”

Bapak banjur mlebu kamar saperlu ngaso. Dene Ibu direwangi Bayu ngusungi barang-barang dilebokake bagasi mobil.

Sekitar pukul 2 siang, Bapak pulang dari kantor. Ibu menyajikan minuman berupa teh hangat, “Silakan, Pak, diminum dulu.”

Bapak minum teh sambil memangku Bagus. Selanjutnya, Bapak bertanya, “Barang-barang yang mau dibawa sudah siap semua, Bu?”

“Sudah Pak, tadi dibantu Bayu,” jawab ibu. “Bapak istirahat dulu saja, biar nanti tidak terlalu capek di jalan.”

Bapak masuk kamar untuk istirahat. Sementara itu, Ibu dibantu Bayu mengangkat barang-barang untuk dimasukkan ke bagasi mobil.

Sawise sholat Ashar, Bayu sakulawarga budhal menyang Gunungkidul. Kulawarga iku arep mengeti patang puluh dina sedane Simbah. Mula, kawit mau keluarga kasebut ketara repot amarga nyepakake keperluan sing ora sethithik.

Butuh wektu udakara rong jam saka omahe Bayu tekan daleme simbah. Ana ing mobil, Bagus turu ing pangkone ibu. Dene Bayu nyritakake babagan sekolah, kanca, lan sapiturute. Semono uga Bapake ngendikakake kahanan ana ing kantor.

Pacelathon sambung-sinambung, kalebu pacelathon babagan Simbah nalika isih sugeng. “Ora krasa, ya, Simbah Kakung anggone seda wis ngancik patang puluh dina,” ngendikane Bapak. “Inggih, Pak, raose nembe wingi kula ngrencangi Simbah Kakung mundhut jampi,” ibu nanggapi.


Bayu uga kelingan Simbah Kakunge. Ora let suwe tuwuh pitakonan ana ing pikirane. “Bapak lan Ibu niku saben dinten mbunderi tanggalan napa? Kok saged ngetang slametan patang puluh dinane Simbah?” Bapak lan Ibu gumujeng mireng pitakone Bayu.

Setelah menunaikan salat Asar, Bayu sekeluarga berangkat ke Gunungkidul. Mereka akan memperingati 40 hari meninggalnya Kakek. Itulah mengapa sejak tadi mereka terlihat sibuk karena menyiapkan berbagai keperluan yang tidak sedikit.

Perjalanan dari rumah Bayu sampai rumah nenek memerlukan waktu 2 jam. Di dalam mobil, Bagus tidur di pangkuan ibu, sedangkan Bayu bercerita segala hal tentang sekolah, teman-teman, dan lain-lain. Bapak juga menceritakan berbagai hal di kantornya.

Percakapan terus berlangsung, termasuk pembicaraan tentang kakek ketika masih hidup. “Tidak terasa ya, sudah hampir 40 hari kakek meninggal,” kata bapak. “Iya Pak, rasanya baru kemarin saya menemani kakek beli jamu,” jawab ibu.

Bayu juga teringat akan kakeknya. Tak lama kemudian muncul pertanyaan dalam benaknya. “Memangnya bapak ibu setiap hari melingkari kalender ya? Kok bisa menghitung peringatan 40 harinya kakek?” Bapak dan ibu tertawa mendengar pertanyaan Bayu.



Bayu dadi tambah bingung. Kena apa Bapak ibune gumujeng. Ibu banjur ngendika, “Ngene Le, kanggone wong Jawa, ana cara ngitung kang diarani petungan Jawa. Petungan Jawa iku kanggone warna-werna. Kayata dinggo mengeti dina lair utawa nemtokake slametane piyayi sing wis seda.”

Bapak uga mratelakake yen slametan lan petungan Jawa kuwi salah sijine warisan leluhur sing isih diuri-uri tekan saiki. Tujuwane supaya anak putu ora lali marang leluhure.

“Oo..., ngaten, ta. Lajeng pripon niku carane ngetung? Mboten mbunderi tanggalan?”

“Yen kowe kepingin ngerti, sesuk Bapak ajari. Saiki awake dhewe wis meh tekan daleme Simbah,” ngendikane Bapak.

Bayu menjadi semakin bingung mengapa bapak ibunya tertawa. Selanjutnya, Ibu menjelaskan, “Begini Nak, bagi orang Jawa, ada cara menghitung yang disebut dengan *petungan Jawa*. Ada berbagai macam kegunaannya. Contohnya untuk menentukan hari peringatan kelahiran atau kematian.”

Bapak juga mengatakan bahwa selamat dan *petungan Jawa* merupakan salah satu warisan leluhur yang masih dilestarikan hingga kini. Tujuannya agar anak cucu tidak melupakan leluhurnya.

“O, begitu. Lalu bagaimana cara menghitungnya? Tidak melingkari tanggal di kalender ya?”

“Kalau kamu ingin tahu, besok bapak ajari. Sekarang kita sudah hampir sampai di rumah nenek,” kata bapak.

Tekan daleme Simbah, ana Simbah Putri lan Pakdhe Heru lenggahinglincak. Bayusakulawarga medhun saka kendharaan banjur padha salam-salaman. Gawane banjur dilebokake daleme Simbah.

Bulik Harni nyuguhake wedang sarta pacitan. Kabeh nglumpuk ana ing ruwang tamu padha ngaruhake kahanan siji lan sijine.

Ibu banjur nanjihake acara kanggo slametane Simbah Kakung. “Mbah, menapa kemawon ingkang badhe didamel kagem slametan?” pitakone Ibu marang Simbah Putri.

“Ya kaya adat kene, sesuk esuk ibu-ibu kiwa tengen kene padha olah-olah. Banjur bengine tahlilan, kirim donga, dhahar kembang, terus kondure ngasta sembako mentahan,” Simbah Putri mratelakake.

Sesampainya di rumah nenek, tampak ada nenek dan Pakde Heru sedang duduk di kursi teras. Bayu sekeluarga turun dari mobil lalu bersalaman. Semua barang bawaan dimasukkan ke rumah nenek.

Bulik Harni menyajikan minum dan kudapan. Semua orang berkumpul di ruang tamu, saling menanyakan kabar satu sama lain.

Ibu bertanya pada nenek tentang acara selamatan untuk kakek, “Nek, untuk selamatannya kakek, acaranya apa saja?”

“Ya seperti adat di sini, besok pagi akan ada ibu-ibu yang membantu memasak. Lalu, malamnya akan ada tahlilan dan kirim doa untuk almarhum kakek. Ada makan bersama, lalu pulang membawa sembako,” ujar nenek menjelaskan.

Esuke, ing daleme simbah wis katon ana enem ibu-ibu sing rawuh. Ibu-ibu mau padha nglumpuk saperlu rewang. Dene putra wayahe Simbah lan sanak sedulur padha reresik lan mriksa kang isih kurang.

Sinambi nyepakake klasa sing arep dinggo tahlilan, Bayu matur marang Bapak. “Pak, kula saestu pengen ngertos lho babagan petungan Jawa.”

“Woo, yaa..., ayo karo lungguh kene! Mengko Bapak ajari carane,” ngendikane Bapak. “Nggawaa bolpen karo dluwang kareben gampang mengko anggone ngetung.”

Sawise njupuk bolpen lan dluwang, Bayu lungguh njejeri Bapak. Anggone lungguh ana ing salah sijine klasa kang wis gumelar. Bayu siap-siap ngangsu kawruh babagan petungan Jawa.

Esok paginya, di rumah nenek tampak ada enam orang ibu-ibu yang datang. Mereka datang untuk membantu memasak. Adapun keluarga dan sanak saudara membersihkan rumah dan mengecek apa saja yang masih kurang.

Sembari menyiapkan tikar untuk acara tahlilan, Bayu bertanya kepada bapak, “Pak, saya masih penasaran lho tentang *petungan Jawa*.”

“O ya, ayo duduk sini! Nanti Bapak ajari caranya,” kata bapak. “Bawa pulpen dan kertas ya, supaya nanti gampang menghitungnya.” Setelah mengambil pulpen dan kertas, Bayu duduk di samping bapak. Ia duduk di salah satu tikar yang sudah digelar. Bayu bersiap untuk belajar tentang *petungan Jawa*.

Bapak banjur miwiti anggone maringi piwulang marang Bayu. “Sadurunge wiwit ngetung, Bapak arep takon dhisik. Apa kowe ngerti pasaran Jawa?” pitakone Bapak. “Ngertos, Pak. Sepasar niku wonten gangsal dinten. Pon, Wage, Kliwon, Legi, lan Pahing,” semature Bayu.

“Iya bener. Yen selapan kowe ngerti ora?” Bapak neruske pitakon. “Ngertos Pak. Selapan niku upami sakniki dinten Setu Pon, tegesipun selapan dinten malih nggih dinten Setu Pon,” Bayu semaur miturut apa kang wis dingerteni.

“Dadine, selapan kuwi pirang dina?” Bapak maringi pitakon meneh. “Pinten nggih, Pak?” Bayu sajak bingung anggone ngitung.

“Ngene. Seminggu iku ana pitung dina, sepasar limang dina. Dene selapan kuwi mbaleni dina lan pasaran. Dadine, selapan iku padha karo pitu ping limang dina. Jajal pira kuwi?”

“Woo..., tigang dasa gangsal Pak,” semature Bayu. “Nah, bener. Selapan iku padha karo telung puluh lima dina,” Bapak nanggapi.

Bapak mulai mengajari Bayu. “Sebelum menghitung, Bapak mau tanya dulu. Kamu tahu tentang *pasaran Jawa*?” tanya bapak. “Saya tahu, Pak. Sepasar itu ada lima hari, yaitu Pon, Wage, Kliwon, Legi, dan Pahing,” jawab Bayu.

“Benar begitu. Kalau *selapan*, apa kamu tahu?” bapak melanjutkan bertanya. “Tahu Pak, selapan itu ... misalnya sekarang hari Sabtu Pon maka selapan hari lagi juga jatuh pada hari Sabtu Pon,” Bayu menjawab sesuai yang diketahuinya.

“Jadi, selapan itu artinya berapa hari?” tanya bapak lagi. “Berapa ya Pak?” Bayu terlihat bingung dalam menghitung.

“Begini, seminggu itu kan ada 7 hari, dan sepasar itu ada 5 hari. Adapun selapan itu mengulang hari dan pasarannya. Jadi selapan itu sama dengan 7 kali 5 hari. Coba hitung, berapa hari itu?”

“Oo.. berarti 35 hari ya Pak,” jawab Bayu. “Nah, betul! Selapan itu sama dengan 35 hari,” ujar bapak.



Bayu manthuk-manthuk.
“Wah, malah sinau matematika niki Pak.. hehe.. untunge kula sampun apal ping-pingan.”

“Iya, matematika iku penting. Ora mung kanggo pelajaran sekolah, ananging uga dinggo ana ing urip sedina-dinane,” ngendikane Bapak.

Bapak banjur nerusake piwulange. “Kowe mau wus apal perkalian utawa ping-pingan. Yen para-paranan utawa *pembagian*, kowe wus isa durung?”

“Sampun Pak, pembagian niku, rak, kosok baline perkalian,” Bayu kelingan ngendikane gurune ana ing sekolah.

Bayu manggut-manggut.
“Wah, jadinya malah belajar matematika ya Pak, hehe.. Untung saya sudah hapal perkalian.”

“Iya, matematika itu penting. Matematika tidak hanya untuk pelajaran di sekolah, tetapi juga bisa dipakai untuk kehidupan sehari-hari.”

Bapak kemudian melanjutkan penjelasannya. “Tadi kan kamu sudah hapal perkalian. Kalau pembagian bagaimana, kamu sudah bisa juga?”

“Bisa Pak, pembagian itu kan lawannya perkalian,” jawab Bayu mengingat penjelasan gurunya di sekolah.

“Coba, saiki etungen patang puluh dina meneh saka dina Rebo iku dina apa!” dhawuhe bapak. Bayu mikir sedhela banjur nyoba ngetung nganggo drijine. Ora let suwe, Bayu banjur guneman dhewe, “Wadhuh! Iki mau wis tekan pira, ya, olehku ngetung?”

Bapak mung mesem, banjur ndhawuhi Bayu ngetung nganggo paragapit. Patang puluh dipara pitu, amarga cacah dina kuwi ana pitu. Sawise nulis paragapit, Bayu takon, “Lajeng priapun niki Pak? Wonten ngandhap piyambak tasih wonten angka 5?”

Bapak nerangake yen kuwi tegese patang puluh dina padha karo limang minggu luwih limang dina. Upama dietung saka dina Rebo, limang minggu meneh uga dina Rebo. Dadine cukup ngetung limang dina sing dadi punjulane mau.

Bapak banjur nerusake piwulange, “Menawa etungan nggo slametan iku, dina kapisan wis dietung sedina. Dadine anggone ngetung yaiku Rebo, Kamis, Jemuwah, Setu, Minggu,” Bapak ngendika sinambi ngitung ngagem racikane cacah lima.

“Coba sekarang kamu hitung, 40 hari sejak hari Rabu itu jatuh pada hari apa?” ujar bapak. Bayu berpikir sejenak kemudian mencoba menghitung dengan memakai jari-jarinya. Tak berselang lama, Bayu berbicara sendiri, “Waduh! Sampai mana ya hitunganku tadi?”

Bapak nampak tersenyum melihat hal itu, kemudian meminta Bayu untuk menghitung dengan *paragapit*. Caranya yaitu 40 dibagi 7 karena banyaknya hari ada 7. Setelah menulis *paragapit*, Bayu bertanya “Ini terus bagaimana Pak? Di baris paling bawah masih ada angka 5?”

Bapak menjelaskan bahwa hal itu berarti 40 hari sama dengan 5 minggu lebih 5 hari. Jika dihitung dari hari Rabu, 5 minggu lagi akan jatuh pada hari Rabu juga. Jadi, kita tinggal menghitung 5 hari sisanya.

Bapak melanjutkan penjelasannya, “Untuk peringatan hari selamatan, hari pertama sudah terhitung satu hari. Jadi cara menghitungnya yaitu Rabu, Kamis, Jumat, Sabtu, Minggu,” bapak menjelaskan dengan menggunakan kelima jarinya untuk menghitung.

Bapak uga nerangake yen simbah mbiyen sedane dina Rebo. Pengetan 40 dinane tiba ing dina Minggu. Biasane anggone nganaake slametan ana ing bengi sadurunge, yaiku malem Minggu.

Bayu manthuk-manthuk tandhane wus mudheng apa kang diwulangake. “Nanging, kuwi mau durung rampung, Le,” Bapak ngendika nyambi ngunjuk teh ana ing meja cedhake. “Kuwi mau lagi ngetung dinane, durung pasarane.”

Bayu ketara pengin ngerti. Dheweke ngenteni apa kang arep diwulangke Bapak ing sabanjure.

Bapak mengatakan bahwa kakek meninggal pada hari Rabu. Peringatan 40 hari meninggalnya jatuh pada hari Minggu. Biasanya acara slametan dilaksanakan pada malam sebelumnya, yaitu malam Minggu.

Bayu mengangguk menandakan bahwa ia sudah memahami penjelasan bapak. “Namun, itu belum selesai Nak,” kata bapak sambil minum teh dari meja di sebelahnya. “Hitungan tadi hanya dipakai untuk menghitung harinya, belum pasarannya.”

Bayu tampak penasaran. Ia menunggu penjelasan bapak selanjutnya.



“Coba saiki pikiren. Yen mau ngetung dina nganggo cara dipara pitu, yen ngitung pasaran miturutmu carane piye?” Bapak genti takon marang Bayu.

“Dipara gangsal Pak, amargi pasaran niku diambali saben gangsal dinten,” Bayu semaur lan ditanggapi Bapak kanthi manthuk tandha sarujuk.

Bapak banjur mratelakake kanthi conto sedane Simbah Kakung. Simbah Kakung seda nalika pasaran Kliwon. Upama arep ngetung patang puluh dinane, carane yaiku patang puluh dipara lima. Asile genep, ora turah. Nanging, karena dina sedane wis dietung dina kapisan, mula pasarane dadi maju sedina yaiku Wage.

“Coba sekarang kamu pikirkan. Tadi untuk menghitung harinya, kita gunakan cara pembagian dengan 7. Kalau untuk menghitung pasarannya, menurutmu bagaimana?” Bapak balik bertanya.

“Dibagi 5 Pak karena pasaran itu berulang setiap 5 hari,” jawab Bayu. Bapak mengangguk tanda setuju.

Bapak kemudian menjelaskan dengan contoh hari meninggalnya kakek. Kakek meninggal pada pasaran Kliwon. Untuk menghitung peringatan 40 harinya, dengan cara 40 dibagi 5. Hasilnya bulat, tidak ada sisa. Akan tetapi, karena hari meninggalnya sudah dihitung sebagai hari yang pertama, pasarannya menjadi sehari sebelumnya yaitu Wage.

“Tekan semene, kowe wis mudheng durung, Le?” pitakone Bapak marang Bayu. “Sampun, Pak. Simbah Kakung seda dinten Rebo Kliwon, dadose sekawan dasa dintene dhawah Minggu Wage,” wangsulane Bayu sawise mbaleni ngetung ana ing dluwang. “Bener, pinter kowe, Le!” Bapak ngalem putrane, “Saiki coba etungen kapan pengetan satus dinane simbah.”

“Sekedhap, Pak,” Bayu miwiti ngetung. Anggone ngetung karo omongan dhewe, “satus dipara pitu kuwi turahe loro. Dadi, dina Rebo..., Kamis.” Bapak kang mireng putrane anggone ngetung karo komat kamit iku mung mesam mesem.

“Terus pasarane...,” Bayu mbacutake etungane, “satus dipara lima kuwi asile genep. Dadine dina Kliwon mau majusedina dadi Wage.” Ora let suwe, Bayu wangsulan kanthi sumringah, “Ketemu, Pak! Pengetan satus dintene simbah niku dinten Kamis Wage.”

“Naah... bener kuwi,” ngendikane Bapak. “Pengetan satus dinane Simbah Kakung kuwi tiba dina Kamis Wage,” Bapak nambahi piwulange, “kurang luwih telung sasi, kepetung saka dina sedane.”

“Sampai di sini, apa kamu sudah paham Nak?” tanya Bapak. “Sudah Pak. Kakek meninggal hari Rabu Kliwon, maka peringatan 40 harinya jatuh pada hari Minggu Wage,” jawab Bayu setelah menghitung ulang di kertasnya.

“Benar, kamu pintar Nak!” puji bapak. “Sekarang coba kamu hitung kapan peringatan 100 harinya kakek.”

“Sebentar Pak,” Bayu mulai menghitung. Sembari menghitung, ia bergumam sendiri, “100 dibagi 7 itu sisanya dua, berarti harinya adalah Rabu... Kamis.” Bapak yang mendengar putranya berhitung sambil komat-kamit itu hanya tersenyum.

“Terus pasarannya...,” Bayu melanjutkan perhitungannya, “100 dibagi 5 itu hasilnya bulat tidak ada sisa. Jadi dihitung sehari sebelum Kliwon, yaitu Wage.” Tak berselang lama Bayu menjawab dengan wajah berseri-seri, “Ketemu Pak! Peringatan 100 harinya kakek jatuh pada hari Kamis Wage.”

“Naah... benar itu,” ujar bapak. “Peringatan 100 hari meninggalnya kakek jatuh pada hari Kamis Wage,” lanjut bapak, “kurang lebih 3 bulan semenjak hari meninggalnya beliau.”

Bayu manthuk-manthuk. Saiki dheweke wis mudheng carane ngetung dina slametan nganggo petungan Jawa. “Matur nuwun nggih, Pak. Kula saniki sampun ngertos. Jebul mboten perlu mbunderi tanggalan,” ature Bayu ngepasi Ibu mlebu panggonan kono.

Bapak gumujeng, banjur maringi pirsamarang Ibu yen lagi wae ngajari Bayu babagan petungan Jawa. Mireng pangandikane Bapak, Ibu banjur ngalem putrane, “Wah, putrane Ibu pinter tenan.”

“Iki mau kowe ora mung sinau petungan Jawa warisan leluhur. Ananging, kowe uga sinau matematika, ya, Le,” ngendikane Ibu. “Nggih, Bu. Ajenga prei sekolah nggih tetep sinau,” ujure Bayu.

“Yen wus rampung anggone sinaukaro Bapak, ayo dirampungake anggone ngrewangi reresik,” dhawuhe Ibu, “kae sing ana pawon uga wus siap samubarange.” Bayu banjur ngadeg. Dluwang lan bolpen disimpen meneh, terus ngrewangi anggone nata klasa, gelas, lan liya-liyane.

Bayu mengangguk. Sekarang ia sudah paham bagaimana caranya menentukan hari untuk selamatan menurut *petungan Jawa*. “Terima kasih Pak. Saya sekarang sudah paham, ternyata tidak perlu melingkari kalender ya,” kata Bayu tepat pada saat ibunya masuk di ruangan itu.

Bapak tertawa, lalu memberitahu ibu bahwa Bayu baru saja belajar tentang *petungan Jawa*. Saat mendengar hal itu, Ibu memuji Bayu, “Wah anak Ibu pintar sekali.”

“Pelajaran tadi bukan sekadar belajar *petungan Jawa* warisan leluhur. tetapi juga kamu belajar matematika ya Nak,” kata ibu. “Iya Bu, walaupun hari libur tetapi saya juga tetap belajar,” kata Bayu.

“Kalau sudah selesai belajarnya, ayo selesaikan bersih-bersihnya,” perintah ibu, “segala keperluan di dapur juga sudah siap.” Bayu lantas berdiri. Kertas dan pulpen disimpannya kembali, kemudian ia membantu menata tikar, gelas, dan lain-lain.

Bengi iku, malem Minggu Wage, daleme Simbah kerawuhan tangga teparo kang arep melu tahlilan. Bayu uga melu lungguh ing klasa, jejer Bapak. Acara lancar kaya kang direncanakake. Sawise tahlilan rampung, para tamu kondur kanthi ngasta sembako kang wis dicepakake.

Nalika kabeh tamu wis padha kondur, keluargane Simbah nglumpuk ana ing njero omah. Kabeh munjukake sokur awit lancare acara bengi iku. Simbah Putri ngendika yen acara pengetan iku ora mung saderma kirim donga kanggo Simbah Kakung swargi. Ananging, uga mujudake kerukunan, srana andum rejeki, lan nguri-uri kabudayan Jawa.

Malam itu, malam Minggu Wage. Banyak tetangga yang hadir di rumah nenek untuk mengikuti acara selamatan. Bayu juga turut sertadalamacaratersebut. Iaduduk di samping bapak. Acara berjalan lancar sesuai dengan rencana. Setelah acara selesai, para tamu pulang dengan membawa paket sembako yang telah disiapkan.

Ketika semua tamu sudah pulang, keluarga besar nenek berkumpul di dalam rumah. Semua bersyukur atas kelancaran acara malam itu. Nenek mengatakan bahwa acara ini bukan sekadar mengirim doa untuk kakek tetapi juga untuk mewujudkan kerukunan, berbagi rezeki, dan melestarikan budaya Jawa.

Ing dina candhake, Bayu sakulawarga wus cepak arep balik kuthane meneh. Kabeh padha salam-salaman lan nyuwun donga pangestu sadurunge budhal. “Nyuwun pamit riyin, Mbah. Benjang pengetan satus dinten, kula sakulawarga sowan malih,” pamite Bapak.

“Iya, Le, ngati-ati. Wus ngerti ta, kapan anggone arep mengeti satus dinane simbah?” ngendikane Simbah Putri. Nalika krungu pitakonan mengkono, Bayu kang semaur, “Kula ngertos Mbah, malem Kemis Wage.”

Simbah gumun dene bocah saumuran Bayu malah wus ngerti. Ibu banjur matur, “Kalawingi pun diwuruki Bapake babagan petungan Jawa niku Mbah. Dadose sampun mboten mbunderi tanggalan malih... hehehe.” Kabeh padha gumujeng, dene Bayu mung ngguyu dielingake pitakone dhewe.

Esok paginya, Bayu sekeluarga bersiap pulang ke kota. Semuanya bersalaman dan meminta doa resstu sebelum berangkat. “Kami pamit dulu, Nek. Kami akan datang ke sini lagi menjelang peringatan 100 hari meninggalnya kakek,” bapak berpamitan.

“Iya Nak, hati-hati di jalan. Sudah tahu kan, kapan peringatan 100 harinya kakek?” tanya nenek. Saat mendengar pertanyaan itu, Bayu segera menjawab, “Saya tahu Nek, malam Kamis Wage.”

Nenek terheran melihat anak seumuran Bayu paham dengan *petungan Jawa*. Ibu lalu berujar, “Kemarin Bayu sudah belajar dengan bapaknya tentang petungan Jawa, Nek. Jadi, besok tidak perlu melingkari kalender lagi... hehehe.” Semua tertawa mendengar hal itu, sedangkan Bayu juga tertawa teringat pertanyaannya sendiri.”



Glosarium

- Paragapit : Pembagian bersusun.
- Pasaran Jawa : Sebutan untuk 5 hari dalam kalender Jawa, yaitu Pon, Wage, Kliwon, Legi, dan Pahing.
- Petungan Jawa : Perhitungan hari dalam kalender Jawa
- Selapan : Tiga puluh lima hari dalam perhitungan kalender Jawa.



Biodata

Penulis :

Ririn Aprianita lahir di Gunungkidul pada 8 April 1987. Saat ini, ia tinggal menetap di Logandeng, RT 24, RW 05, Logandeng, Playen, Gunungkidul. Ia berprofesi sebagai guru. Penulis ini bisa dihubungi melalui posel: ririn.matika@gmail.com.

Ilustrator :

Banuarli Ambardi, lahir 19 Maret 1954, komikus sekaligus ilustrator. Karya-karya ilustrasinya banyak menghiasi media baik media bahasa Jawa maupun media bahasa Indonesia. Ilustrasi media bahasa Jawa antara lain, Majalah Djaka Lodang, Mekar Sari, tabloid Jawa Anyar, Nila Kandhi, Pagagan, Sempulur dan Mentaok. Ilustrasi dalam media berbahasa Indonesia antara lain, Sinar Harapan, Bobo, Gatutkaca, Wawasan, Harian Yogya, Putra Kita, Ceria. Sedang untuk karya komik, sudah lumayan banyak buku komik yang diterbitkan dengan penerbit-penerbit yang berbeda. Antara lain, Satra Kumala (serial Super Hero Indonesia, dengan tokoh Herbintang), Maranatha (serial Superhero Indonesia, dengan tokoh Utara), Classic Comic Malaysia (Seri Kisah Benar, menampilkan tokoh-tokoh pahlawan Sejarah Islam), Harian Yogya (Megantara, Serial Superhero Indonesia). Dan lain-lain

Penyunting :

Joko Sugiarto yang bekerja di Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta mulai tahun 2016. Sebelum bertugas di Balai bahasa Provinsi DIY, penyunting mengabdikan diri kepada negara dengan bertugas di Balai Bahasa Banda Aceh mulai tahun 2000 sampai dengan 2004. Pada tahun 2005 penyunting memperkuat tim penyusun bahan ajar bahasa Indonesia bagi penutur asing (BIPA) di Pusat Pembinaan, Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa.

Saat ini penyunting menjadi tenaga kebahasaan yang berkonsentrasi pada pembinaan kebahasaan. Tugas yang diemban meliputi penyuluhan kebahasaan, penyuntingan, dan bantuan tenaga kebahasaan dalam penanganan perkara yang berkaitan dengan penggunaan bahasa.

MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

Hari Sabtu, Bayu bersama keluarganya pergi ke rumah nenek. Mereka akan memperingati empat puluh hari meninggalnya kakek. Saat mau pulang, nenek terkejut karena Bayu sudah pandai menghitung petungan Jawa. Kira-kira bagaimana cara Bayu belajar petungan Jawa tersebut?

ISBN 978-623-112-585-9 (PDF)



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023